

Vendredi 18 jen 2021

Chè fanmi,

Nou reyalize l!

Malgre yon pandemi ki te vire lavi nou tèt anba, nou rive nan fen ane lekòl sa a. Mwen vle pran moman sa a pou onore ak selebre tout sa fanmi ak elèv nou yo akonpli pandan ane edmi difisil sa a. Nou ap fini ane lekòl sa a an fòs grasa oumenm. Paske oumenm ak timoun ou yo te fè edikasyon yon priyorite.

Gen yon sitasyon otè mwen pi renmen an, Maya Angelou, ki pale sou fòs ak detèminasyon lespri imen an. Nan yon disètasyon nan liv 2009 li a, *Letter to My Daughter* (Lèt pou pitit fi mwen an), Angelou ekri: “Ou ka pa gen kontwòl sou tout sa ki rive w, men ou ka deside pou pa kite yo redui w.”

Santiman sa a, pou kanpe devan advèsite, dekri elèv ak fanmi enkwayab nou yo, ki pèsiste malgre difikilte nou pa ka rive konte. Ansanm, ou:

- Adapte w avèk aprann nan kay, ak nan kèk ka retounen nan bilding apre plizyè mwa aleka.
- Rete konsantre sou travay lekòl.
- Aprann yon nouvo fason pou konekte avèk manm fanmi ak zanmi.
- Reyalize pi plis posib nan chak grenn jou, kit w ap aprann adistans kit ou vini lekòl la avèk mask sou figi w.

Ou te leve vwa ou tou lè ou te wè zak terib vyolans kont vwazen ou epi ou te fè konnen klè ou pat tolere vyolans anti-Nwa, ostilite ak prejidi kon Jwif, vyolans anti- Azyatik, lahèn ak prejidi kont moun islamik, moun ki soti nan lòt peyi, kont omoseksyèl, oswa nenpòt zak prejidi oswa diskriminasyon ki lakòz mal chak jou. Ou te kanpe nan solidarite avèk kominote ou yo—paske se konsa Nouyòkè ye.

Nan menm espri solidarite sa a, mwen ta renmen ou pote atansyon w sou yon dat enpòtan, 19 jen, ki komemore Juneteenth ak fen esklavaj nan Etazini. Kòm yon edikatè, mwen kwè li enpòtan anpil pou anseye elèv nou yo sou eritaj esklavaj nan ni kontèks istwa Nwa ak nan kontèks istwa Ameriken an jeneral. Epi, kounye a Juneteenth pral antre nan liv istwa pou yon lòt rezon: semèn sa a, Prezidan Biden siyen lejislasyon ki fè 19 jen yon jou ferye federal. Ane sa a, Juneteenth rive pandan n ap kontinye fè fas avèk rasis sistèmik, ak mal ak lapèn li lakòz vwazen nou, Nouyòkè parèy nou, ak Ameriken parèy nou. Mwen panse sou fason pandemi COVID-19 la te gen yon enpak dispwopòsyone sou moun ki gen koulè. Mwen panse sou premye vrè rekonesans nasyon nou an konsènan masak Tulsa a, 100 ane apre. Epi, mwen panse sou tout travay nou dwe fè pou kreye ekite nan tout lekòl nou yo.

Si w vle aprann plis osijè Juneteenth ak kisa sa vle di pou Nouyòkè ak moun Nwa, ale sou [schools.nyc.gov/Juneteenth](https://schools.nyc.gov/Juneteenth) pou gade videyo nou an ak jwenn resous pou gen plis enfòmasyon ak reflechi sou jou enpòtan sa a.

Kòm Chanselye ou, se travay mwen pou asire ke yon milyon elèv nou yo aprann reflechi yon fason kritik epi gen ladrès pou reyisi nan yon mond menm nou granmoun pa menm ka imajine. Onètman, ou enpresyone m anpil. Oumenm ak timoun ou yo te anseye nou anpil ane sa a—soti nan kijan pou sèvi avèk vwa ou pou kreye chanjman rive nan kijan pou rete djanm lè moman yo vin difisil. Kòman pou adapte avèk bagay nou pa ka kontwòle, ak kòman pou suiv chemen Maya Angelou a epi pou pa kite bagay sa yo redui nou.

Malgre mwen nan pozisyon sa a pou mwens pase kat mwa, mwen sèten sou yon bagay: Ansanm, pa gen anyen nou pa ka reyalize. Si nou te kapab travèse ane edmi ki sot pase a, nou pral briye nan mwa septanm k ap vini an. Avan nou pase nan aprantisaj anpèsòn pou tout elèv otòn sa a, mwen ankouraje tout moun ki gen laj 12 ane oswa plis pou pran vaksen kont COVID-19 la! Se pi bon fason pou kenbe kominote nou yo ak vil nou an an sekirite. Ou ka mete yon randevou pou ou ak pou pitit ou nan [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov).

Kòm yon edikatè pou plis pase 20 ane, mwen pa ka pa fini avèk yon devwa (pa enkyete, pa pral gen yon tès). Mwen vle oumenm ak timoun ou yo selebre tout sa ou te reyalize ane sa a. Mwen espere ou pase anpil tan ansanm, anbrase youn lòt souvan, fè nouvo eksperyans, jwenn rezon pou ri. Epi rechaje batri w.

Nou rive jis la a ansanm, epi mwen pa ka tann pou wè sa nou pral fè otòn sa a.

Nan kolaborasyon,



Meisha Porter  
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk yo

P.S. Yon rapèl rapid: tout elèv ki nan klas K-12 elijib pou patisipe nan Summer Rising, pwogram ete akademik, anrichisman, amizan ak gratis nou an. Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou enskri, tanpri ale nan [nyc.gov/summerrising](https://nyc.gov/summerrising).